

RINGKESAN

Kamekaran média digital geus ngarobah cara Generasi Z narima jeung napsirkeun eusi kritik sosial. Salah sahiji média anu ngagunakeun satire minangka cara nepikeun kritik sosial nyaéta kanal YouTube Tekotok dina épisode *Untung Aya Bapak*. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis kumaha prosés resepsi Generasi Z kana eusi kritik sosial dina épisode éta, ngawengku prosés *decoding*, *re-encoding*, sarta robahna pamaknaan sanggeus audién berinteraksi jeung eusi média.

Métode anu digunakeun nyaéta panalungtikan kualitatif kalayan ngagunakeun analisis resepsi Stuart Hall. Informan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuh mahasiswa Generasi Z Fakultas Élmu Sosial jeung Élmu Pulitik Universitas Pasundan anu dipilih ngaliwatan téhnik *purposive sampling*, ditambah hiji informan ahli dina widang média salaku data pangrojong. Pangumpulan data dilaksanakeun ngaliwatan wawancara jero, observasi, jeung dokuméntasi. Analisis data dilaksanakeun ku cara réduksi data, nyusun data, sarta nyieun kacindekan.

Hasil panalungtikan némbongkeun yén opat informan aya dina posisi *dominant-hegemonic reading*, sedengkeun tilu informan aya dina posisi *negotiated reading*. Teu kapanggih informan anu nunjukkeun *oppositional reading*. Sanggeus ngalaksanakeun prosés *decoding*, para informan ngalakukeun rupa-rupa wangun *re-encoding*, saperti diskusi, néangan informasi tambahan, méré julukan ka tokoh dina kontén, ngabagikeun deui kontén, sarta ngalakukeun réfléksi pribadi. Prosés éta tuluy ngabalukarkeun robahna pamaknaan anu katémbong dina nguatna cara pandang, beuki jero pamahaman kana isu sosial, sarta tumuwuhna kasadaran kritis. Ku kituna, ieu panalungtikan nyindekkeun yén resepsi Generasi Z kana kritik sosial henteu eureun dina prosés napsirkeun pesen wungkul, tapi terus mekar jadi partisipasi aktif anu mangaruhan cara maranéhna ningali kanyataan sosial.

Kecap Galeuh: Resepsi Audién, Stuart Hall, Kritik Sosial, Generasi Z, YouTube, Tekotok.